**दिन– शुक्रवार** **दिनांक–17.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आइ राष्ट्रपति भवन मे दू हजार चौबीसक राष्ट्रीय खेल पुरस्कार प्रदान कयलनि। विश्व शतरंज चैंपियन डी. गुकेश पेरिस ओलंपिक मे दू टा पदक विजेता मनु भाकर पुरूष हॉकी टीम के कप्तान हरमनप्रीत सिंह आओर पेरिस पैरालिंपिक्स मे स्वर्ण पदक विजेता प्रवीण कुमारकँ प्रतिष्ठित मेजर ध्यानचंद खेलरत्न पुरस्कारसँ सम्मानित भेलाह। ई पुरस्कार पछिला चारि साल मे खिलाड़ी सभक शानदार आओर असाधारण खेल प्रदर्शनक लेल देल जायत अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे देश के लोक सभ आकांक्षा सँ संचलित भारतक ऑटोमोबाईलक क्षेत्र आ भूतपूर्व कायाकल्पक दौरसँ गुजरि रहल अछि। श्री मोदी आइ नव दिल्लीक भारत मंडपम् मे छओ दिवसीय भारत मोबिलिटी ग्लोबल एक्सपो दू हजार पच्चीसक उद्‌घाटन कयलनि। ओ कहलनि जे देशक ऑटो उद्योग मे पछिला साल बारह प्रतिशतकँ बार्षिक वृद्धि भेल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे मेक इन इंडिया पहलकँ शक्तिसँ देशकँ ऑटो उद्योगक वृद्धिकँ समर्थन भेट रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे भारत हरित प्रौद्योगिकी इलेक्ट्रीक वाहन, हाईड्रोजन ईंधन आओर जैव ईंधनक विकास पर ध्यान दऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे भारत एहि समय विश्वक पांचम सभसँ पैघ अर्थव्यवस्था आओर तेसर सभसँ पैघ यात्री वाहन बाजार अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रबि दिन उनैस जनवरीकँ भोरे एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोक सभक संग अपन विचार साझा करतथि। ई एहि मासक रेडियो कार्यक्रमक एक सय अठारहम कड़ी होयत। मन की बात कार्यक्रमक लेल लोक अपन सुझाव टॉल फ्री नंबर– एक आठ शुन्य शुन्य एक एक सात आठ शुन्य शुन्य पर आइ राति तक पठा सकैत छथि। छब्बीस जनवरीकँ गणतंत्र दिवसक आयोजनकँ कारणे मन की बात कार्यक्रम एहि बेर एक सप्ताह पहिले निर्धारित कयल गेल अछि।

---

निगरानी विभाग द्वारा बिहारपुल निर्माण निगमकेँ प्रोजेक्ट इंजीनियर जंग बहादुर सिंहकेँ कतेको ठेकाना पर छापेमारीमे करोड़ों रुपयाक चल–अचल संपत्ति जब्त कयलक अछि। आयसँ अधिक बेसी संपत्तिकमामला मे न्यायालयसँ सर्च वारंट भेटबाक बाद ई छापेमारी कयल गेल। विभाग द्वारा जंगबहादुर सिंह के पटना स्थित पुनाईचक आओर वेदनगर मुहल्ला बिहार राज्य पुल निर्माणनिगम लिमिटेड स्थित कार्यालय आओर बक्सर जिलाक मुफस्सिल थाना क्षेत्रक दुधानी गाम मे छापेमारी कयल गेल।

---

प्रयागराजमे चलि रहल महाकुंभ मे श्रद्धालु सभकेँ आओर तिर्थयात्री सभक नीक चिकित्सा सेवा प्रदान करबाक लेल विशेष व्यवस्था कयल गेल अछि। प्रयागराज मेला प्राधीकरण द्वारा श्रद्धालु सभकेँ स्वास्थ्य सँ संबंधित जरूरतकेँ पुरा करबाक लेल महाकुंभ मेला क्षेत्रक परेड ग्राउंड मे एक सय विस्तर बला केन्द्रीय अस्पताल स्थापित कयलनि अछि। एम्हर, काल्हि तीस लाखसँ बेसी श्रद्धालु सभ पवित्र संगम मे स्नान कयलनि। महाकुंभ मे अगिला अमृत स्नान मौनी अमावस्या पर उनतीस जनवरीकेँ कयल जायत।

---

केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि  जे आबय बला बिहार विधानसभा चुनाव मे एनडीए के जीत सुनिश्चित अछि। नव दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ गपशप करबाक क्रम मे श्री पासवान कहलनि जे राजद नेता तेजस्वी यादव एनडीए गठबंधनक लोकप्रियता सँ डरल छथि।

---

राज्यकेँ ग्रामीण कार्य विभागक मंत्री अशोक चौधरी कहलनि जे बिहार मे कांग्रेस पार्टी राजदक भरोसे राजनीति कऽ रहलाह अछि। कांग्रेस नेता राहुल गांधीकेँ काल्हि प्रस्तावित बिहार दौरा पर निशाना साधैत श्री चौधरी कहलनि जे कांग्रेसकेँ बिहार मे अपन कोनो जनाधार नहि छैक।

---

समाप्त